**Әжинияз атындағы НМПИ 2022-жыл ушын 03.00.05 – «Ботаника» қәнигелиги бойынша стажёр-излениўшиликке қабыллаў комиссиясы мәжилисиниң**

**№ 1 ПРОТОКОЛЫ**

**Нөкис қаласы.** 12-ноябрь 2021 жыл

*Қатнасқанлар: НМПИ Илимий-изертлеўлер, инновациялар ҳәм илимий педагог кадрлар таярлаў бөлими баслығы: А.Алламуратов, комиссия баслығы, б.и.к., доцент, А.Ажиев, комиссия ағзасы, б.и.ф.д (PhD) Г.Кутлымуратова ҳәм талабан Д.Ембергенов.*

**Кун тәртибинде:**

1. Нокис мәмлекетлик педагогика институтына 2022-жылы ушын 03.00.05 – "Ботаника" қәнигелиги бойынша стажёр-излениўшиликке өз хужжетлерен тапсырған талабан Д.Ембергеновты стажёр-излениўшиликке қабыллаў.

**Билдириў:** НМПИ Илимий-изертлеўлер, инновациялар ҳәм илимий педагог кадрлар таярлаў бөлими баслығы: А.Алламуратов 2022-жылы ушын 03.00.05 – "Ботаника" қәнигелиги бойынша стажёр-излениўшиликке ҳужжетлерен тапсырған талабан Д.Ембергенов пенен «Сәўбет» тийкарында таңлаў өткерилиўи атап өтилди. Бул бойынша таңлаўға бекитилген комиссия ағзаларынан: комиссия баслығы, б.и.к., доцент, А.Ажиев таңлаўда қатнасып атырғанлығын мәлим етти. Комиссия ағзаларына доретиўшилик қабилийетине ийе, илимли ҳәм ылайықлы талабанды таңлап алатуғынлығына исеним билдирди.

**Шығып сөйледи:** Комиссия баслығы, б.и.к., доцент, А.Ажиев, таңлаўға қатнасып атырған талабанларға сәўбетлесиў қағыйдалары ҳәм тәртиплери ҳаққында мағлыўмат берди ҳәм әўметлер тиледи. Соңынан А.Ажиев биология илиминде актуал есапланатуғын томендеги тематыкалық маселелер ҳәм дөретиўшилик ислери бойынша сәўбетлесиўди усыныс етти.

1. Ботаника пәниниң мақсети ҳәм ўазыйпалары,?
2. Ботаникада қолланылатуғын изертлеў усыллары ҳәм методлар ?
3. Ҳәзирги ўақытта Өзбекстан флорасын қорғаў машқалалары ?
4. Өзлери таңлаған илимий жумысы темасының актуаллығы, машқалалары ҳәм биология илиминдеги әҳмийети ?

5. Илимий темасы бойынша пәнге киргизетуғын жаналықлары ?

Талабанларға таярланыў ушын 20 минут ўақыт берилди. Соңынан комиссия баслығы, б.и.к., доцент, А.Ажиев, комиссия ағзасы, б.и.ф.д (PhD) Г.Кутлымуратова тәрепинен талабан Д.Ембергенов пенен жеке таризде сәўбетлесиў алып барылды ҳәм қосымша саўаллар берилди ҳәм жуўаплар алынды. Буннан соң комиссия қурамы өзлериниң жуўмақлаўшы пикирлерин бирдирди.

Күн тәртибиндеги мәселе бойынша Билдириў ҳәм шығып сөйлеўлерден соң комиссия қурамы

**Қарар етеди:**

1. Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты стажёр-излениўшиликке 2022-оқыў жылы ушын 03.00.05 – "Ботаника" қәнигелиги бойынша өз ҳүжжетлерин тапсырған талабан Д.Ембергенов сәўбетлесиў барысында өзиниң теориялық илиминиң ҳәм илимий-дөретиўшилик қәбилетиниң жоқарылығын көрсеткенлиги атап өтилсин;
2. НМПИ Илимий бөлимнен талабан сәўбетлесиўди өткерген комиссия қурамы тәрепинен талабан Д.Ембергенов 03.00.05 – "Ботаника" қәнигелиги бойынша стажёр-излениўшиликке қабылаў усыныс етилсин;
3. НМПИ Илимий бөлиминен бул усыныстың орынланыўы бойынша қарар қабыл етиўи соралсын.

**Комиссия баслығы:** **Б.и.к., доцент А.Ажиев**

**Хаткер:** **б.и.ф.д Г.Кутлымуратова**

O'zR. OO'MTV AJINIYAZ NOMIDAGI NUKUS DAVLAT PEDAGOGIKA INSTITUTI * ÓzR JOABM ÁJINIYAZ ATINDAǴI NÓKIS MÁMLEKETLIK PEDAGOGIKALIQ INSTITUTI *
KADRLAR BÓLIMI
XODIMLAR BO'LIMI